दिन–मंगलवार दिनांक–06.05.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केंद्र सरकार राज्य सभ के सुरक्षा तैयारीक मूल्यांकन के लऽकऽ कािल्ह नागरिक सुरक्षा मॉक ड्रिल करेबाक निर्देश देलक अछि। केन्द्रीय गृह सचिव गोविन्द मोहन सुरक्षा ड्रिलक तैयारी सभक समीक्षा करबाक लेल राज्य आ केन्द्रशासित प्रदेशक मुख्य सचिव सभक संग वीडियो कांफ्रेंसक माध्यमे बैसार कयलनि। गृह मंत्रालय देशक दू सय चौवालीस वर्गीकृत नागरिक सुरक्षा जिला सभ में नागरिक सुरक्षा लेल अभ्यास और पूर्वाभ्यास आयोजित करबाक निर्णय लेलक अछि। एहि मॉक ड्रिलक मुख्य उद्देश्य हवाई हमलाक चेतावनी प्रणाली के जाँच करब अछि। बिहारक छओ जिला– पटना, बेगूसराय, किशनगंज, अररिया, पूर्णिया आ कटिहार मे कािल्ह सांझ सात बजे सँ सात बाजि कऽ दस मिनट धरि नागरिक सुरक्षा मॉक ड्रिल के आयोजन कयल जायत। बिजली कटबाक सँ पहिने सांझ छओ बाजिकऽ अंट्ठावन मिनट पर सायरन बजाओल जायत। एहि दरमियान बिजली काटि देल जायत। पटनाक जिलाधिकारी डॉ. चंद्रशेखर सिंह जनौलनि जे एहि अवधि मे लोकसभ सँ कोनो प्रकारक रौशनीक उपयोग नहिं करबाक अपील कयल गेल अछि। संगहि सड़क पर चलएवला वाहन सभ के सेहो ओतहि रोकि देबाक अपील कयल गेल अछि। जिलाधिकारी कहलनि जे ई मॉक ड्रिल एक सामान्य प्रक्रिया अछि आ एहि सँ लोक सभ के घबरेबाक आवश्यकता नहिं अछि। मॉक ड्रिलक दरमियान एम्बुलेंस और फायर बिग्रेड एहेन आवश्यक सेवा सभ के छूट रहत।

---

पहलगाम आतंकी हमलाक बाद भेल उच्च स्तरीय बैसकक श्रृंखला में आइ राष्ट्रीय सुरक्षा सलाहकार अजित डोभाल प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सँ नव दिल्ली मे भेट कयलनि। एहि सँ पहिने प्रधानमंत्री रक्षा सचिव राजेश कुमार सिंह, वायु सेना प्रमुख एयर चीफ मार्शल अमरप्रीत सिंह, नौसेना प्रमुख एडमिरल दिनेश कुमार त्रिपाठी आ सेना प्रमुख जनरल उपेन्द्र द्विवेदीक संग सेहो अलग–अलग बैसक कयलनि अछि।

---

पहलगाम आतंकी हमला के ध्यान मे रखैत बिहार में हाई अलर्ट जारी कयल गेल अछि। पुलिस मुख्यालय, सभ पुलिस अधीक्षक आ रेल एसपी के विशेष चौकसी बरतबाक निर्देश देलक अछि। नेपालक सीमावर्ती क्षेत्र मे विशेष एहतियात बरतबा आ चेकिंग अभियान चलेबाक लेल कहल गेल अछि। एकर अतिरिक्त सभ प्रमुख रेलवे स्टेशन, हवाई अड्डा आ सार्वजनिक आ संवेदनशील स्थल सभक सुरक्षा बढ़ा देल गेल अछि। एडीजी विधि व्यवस्था पंकज दराद अफवाह सँ सतर्कता बरतब आ सोशल मीडिया पर सेहो निगरानी बढेबाक सेहो निर्देश देलनि अछि।

———————————————————————

बिहार विधानसभा चुनावक प्रशासनिक तैयारी तेज भऽ गेल अछि। मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी विनोद सिंह गुंजियाल आइ पटनाक फुलवारीशरीफ स्थित ईवीएम स्ट्रांग रूमक निरीक्षण कयलनि। ओ ईवीएम के विस्तृत जाँच सेहो कयलनि। श्री गुंजियाल जनौलनि जे तीस मई धरि ईवीएम के फर्स्ट लेवल जाँच पूरा करबाक अधिकारी सभ के निर्देश देल गेल अछि।

---

एक भारत, श्रेष्ठ भारत अभियानक अंतर्गत पटना स्थित भाजपा प्रदेश मुख्यालय मे एक महत्त्वपूर्ण बैसक आयोजित कयल गेल। बैसकक उद्घाटन पार्टीक राष्ट्रीय महामंत्री तरूण चुग आ दुष्यंत गौतम कयलनि। बैसक मे प्रवासी बिहारी सभ सँ संपर्क कऽ बिहार विधानसभा चुनाव मे मतदान प्रक्रिया मे भाग लेबाक लेल हुनका प्रेरित करबाक रणनीति पर मुख्य रूपें चर्चा कयल गेल।

---

बिहार लोक सेवा आयोग द्वारा आयोजित तेसर चरणक शिक्षक नियुक्ति परीक्षा परिणाम मे धांधलीक आरोप लगबैत अभ्यर्थी सभ आइ पटना मे प्रदर्शन कयलनि। एहि दरमियान पुलिस आ प्रदर्शनकारीक मध्य नोंक–झोंक भेल। पुलिस अभ्यर्थी सभ पर लाठी चार्ज सेहो कयलक। प्रदर्शनकारी अभ्यर्थी सभक आरोप अछि जे हजारो फॉर्म बिना कारण बतौने अस्वीकृत कऽ देल गेल। संगहि एखन धरि एहि परीक्षाक पूरक परिणाम सेहो प्रकाशित नहिं कयल गेल।

———————————————————————————

खेलो इंडिया यूथ गेम्स के आइ तेसर दिन बिहारक टीम द ूपदक जीतलक साइकिलिंग प्रतियोगिता मे सुहानी कुमारी के रजत पदक भेटल अछि। ओतहि तीरंदाजीक कम्पाउंड मिक्स मे बिहारक टीम कांस्य पदक जीतलक अछि।

———————————————————————————

आज जानकी नवमी है। माता जानकी के प्राकट्य दिवसक अवसर पर ई दिन मनाओल जायत अछि। एहि अवसर पर माता सीताक जन्मस्थली सीतामढ़ी मे आइ सँ दू दिवसीय सीतामढ़ी महोत्सव प्रारंभ भेल। पटना मे मैथिली महिला संघ द्वारा एहि अवसर पर सांस्कृतिक कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। जानकी नवमी पर राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार प्रदेशवासी सभ के बधाई आ शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————————————

पश्चिमी विक्षोभक प्रभाव सँ प्रदेशक अधिकतर भाग मे हल्का सँ मध्यम वर्षा भेल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटना सँ प्राप्त जनतबक अनुसार नालंदा जिलाक एकंगरसराय मे सभ सँ बेसी एक सय एक दशमलव आठ मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक अधिकांश भाग मे तेज हवाक संग वर्षाक संभावना अछि। एहि दरमियान वज्रपातक सेहो आशंका जताओल गेल अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।